


Kesyon moun poze souvan(Frequently Ask Question, FAQ) : E-Cigarettes

Itilizasyon E-cigarette nan Vil nouyòk vin ogmante pami jèn yo. An 2017, yo te rapòte 17.3% elèv lekòl segondè NYC itilize e-cigarettes, ki vin fè itilizasyon e-cigarette twa fwa plis pami elèv lekòl segondè pase itilizasyon sigarèt (5.0%). Se yon gwo pwoblèm sante. FAQ sa pral ede w jwenn enfòmasyon sou E-cigarettes ak pale avèk pitit ou.

Kisa e-cigarettes ak pwodui vapè ye?

- E-cigarettes se aparèy ki chofe yon likid, yo rele e-liquid, nan yon ponp kote moun k ap itilize l la ka aspire. Yo ka rele l tou e-cigs, e-hookahs, vapes, oswa vape pens. Yo rele itilizasyon yon e-cigarette vaping.
- E-liquids pa gen tabak men yo prèske toujou gen gou, pwodui chimik ak nikotin, ki se pwodui adiktif.
- E-cigarettes vini tou nan plizyè fòm ak dimansyon. Gen yon e-cigarette popilè, JUUL, ki gen fòm yon USB flash drive. Gen kèk aparèy ki ka pi difil pou detekte pase lòt.
- Pwodui E-liquid pou recharge a rele pods. Yon pod JUUL gen menm kantite nikotin ak yon pake sigarèt konplè. Souvan yo re itilizasyon yon JUUL JUUL-ing.



Tip E-Cigarettes

Ki ris ki genyen lè adolesan ekspoze ak nikotin?

- Nikotin adiktif anpil, espesyalman pou adolesan.
- Niktin ka chanje konpozisyon chimik sèvo adolesan. Li ka afekte aprantisaj lè li fè memwa ak konsantrasyon yo vin pi mal.


- Jèn ki itilize e-cigarettes gen plis risk pou eseye sigarèt.

Ki lòt ris ki genyen ak itilizasyon e-cigarette?

- Engredyan E-liquid pa kontwole vre epi yo pa konnen efè alontèm e-cigarette.
- Aywosòl ki nan e-liquids yo chofo a ka gen pwodui chimik, gou ak metal lou ki danjre. Kèk nan pwodui chimik sa yo gen rapò ak kansè ak maladi poumon.
- Timoun ak adilt ka anpwazone si yo vale e-liquid oswa si li antre nan po oswa nan je yo.

Poukisa e-cigarettes popilè konsa pami jèn?

E-cigarettes vini sou divès gou dous ki atire jèn. Konpayi E-cigarette, se pwopriyete konpayi tabak, pwodui devlope ki adiktif ak atire timoun. Konpayi sa yo kreye plizyè santèn sirèt ak fwi ki gen gou e-liquids ki fè e-cigarettes sanble inosan, men yo pa inosan.



Pod ki gen gou JUUL

Kòm yon paran, kisa m ka fè?

- Enfòmè sou e-cigarettes ak diferan tip pwodui jèn itilize.
- Pale avèk pitit ou sou ris itilizasyon e-cigarettes.
- Mande pitit ou kisa li tande sou vaping ak si nenpòt nan zanmi l yo konn vaping.
- Ankouraje yon konvèsasyon ki ouvè k ap kontinye.
- Evite kritik pitit ou a men eksplike enkyetid ou sou vaping.

Ki kote mwen ka jwenn plis enfòmasyon sou e-cigarettes?

- Pou jwenn plis resous, tankou konsèy sou konvèsyon ak pitit ou, ale sou nyc.gov/health epi chèche **e-cigarettes**